

Vil Boston

Nan Komite Lekòl

mercredi 16 septembre 1998

PWOSESIS NOMINASYON LEKÒL YO

ÒDONE pou Komite Lekòl la nan dokiman sa apwouve pwosedi ak kritè swivan yo pou nome enstalasyon lekòl yo:

1. Yo kapab aksepte sijesyon yo nan nenpòt pami twa sous yo

- a. Manb Komite Lekòl la
- b. Konsèy Sit Lekòl yo, Konsèy Paran yo, Paran yo
- c. Manm Kominote yo oubyen Gwoup Kominote yo

Lè yo resevwa demann yo, tout pati yo dwe enfòmè epi yon kopi pwosesis ak kritè yo dwe transmèt ba yo.

2. Tande

Dezyèm etap la nan pwosesis la dwe egzije pou direktè a ak konsèy sit eskolè lekòl la kondwi yon odisyon piblik. Objektif odisyon an ta dwe se pou prezante demann nan ak pou bay pwomotè yo okazyon pou jistifye demann yo a ak pou reponn kesyon yo. Li t ap bay direktè a ak konsèy sit eskolè a yon opòtinite pou tandè kòmantè kominote lekòl la. Odisyon piblik la tou t ap bay yon opòtinite pou yo tandè tout pati ki enterese ak afekte yo. Konsèy sit eskolè a ta dwe apre sa transmèt sijesyon yo pou nome lekòl la oubyen zòn espesyal lekòl la avèk kòmantè pa yo bay Komite Lekòl la.

Komite Lekòl la t ap pwograme nominasyon lekòl la pou diskisyon ak aksyon nan moman youn nan reyinyon piblik regilye li yo.

3. Kritè yo

Yo ta dwe konsidere kritè swivan yo nan moman rekòmandasyon ak adopsyon non ofisyèl yo pou enstalasyon lekòl yo:

1. Yon aksyon sou yon pwopozisyon non etablisman eskolè ta dwe entèveni sèlman aprè yon odyans piblik fin òganize nan lekòl la pa direktè a ak konsèy sit lekòl la.
2. Non etablisman yo kapab rann omaj ak yon moun ki te pote yon kontribisyon enpòtan oubyen te rann yon sèvis eksepsyonèl nan lekòl la, sistèm lekòl la, nasyon an, oubyen sosyete a.

Pwosis Nominasyon Lekòl yo (Kontinyite)

3. Nominasyon etablisman yo kapab rekonèt seksyon jeografik vil la kote lekòl la lokalize (kòm nan ka plizyè nan lekòl segondè distri nou yo).
4. Nominasyon etablisman yo kapab rekonèt tèm akademik lekòl la.
5. Nominasyon etablisman yo kapab konbine non yon moun ki te bay yon kontribisyon enpòtan ak lekòl la, ak sistèm eskolè a oubyen kominote a epi non yon tèm akademik.

Nominasyon sal espesyal yo, zòn oubyen tèren batiman lekòl yo kapab onore yon moun ki te bay yon kontribisyon enpòtan oubyen te bay yon sèvis eksepsyonèl ak lekòl la oubyen kominote a.

Yo te apwouve òdonans sa pa yon konsantman inanim.

Ateste:
Christopher M. Horan
Sekretè Egzekitif